

Klas Aksè: Klas ki gen pwen aksè, ki rele tou klas aksè, aksè nan sipò pou tout elèv nan estanda edikasyon jeneral yo.

Klas aksè yo pa gen yon anviwònman fiks, ki vle di yon elèv gendwa travay nan pwen aksè yo anseye nan diferan anviwònman, tankou nan menm klas edikasyon jeneral ak timoun menm klas ki pa gen andikap yo.



ACCESS
ACCESS Yon Pwojè Diskresyonè Depatman Edikasyon Florida

www.accesstofls.weebly.com

1400 Commodore Boulevard
Melbourne, Florida 32935
Telefòn: 321-242-6400

Pwojè Aksè a kore devlopman pwofesyonèl nan tout eta a pou garanti moun konprann pwen aksè yo pi byen. Sa vin fè planifikasyon enstriksyon yo epi anseye kontni akademik pou elèv ki gen gwo difikilte pou aprann yo pi efikas.



Biwo Sèvis Edikasyon ak Elèv Eksepsyonèl
(Bureau of Exceptional Education & Student Services, BEESS)

Dokiman sa a, ki te kreye an 2016, te devlope se Pwojè Aksè a ki te devlope li. Sa a se yon pwojè diskresyonè nan Biwo Sèvis Edikasyon ak Elèv Eksepsyonèl (Bureau of Exceptional Education & Student Services, BEESS). Pwojè sa a jwenn finansman nan Depatman Edikasyon Florida, Divizyon Lekòl Piblik ak Edikasyon Kominotè, BEESS, atravè asistans federal dapre Lwa Edikasyon Endividyèl ak Andikap, finansman Pati B.

ACCESS
ACCESS Yon Pwojè Diskresyonè Depatman Edikasyon Florida



Estanda Florida Pwen Aksè

Elèv ki gen gwo pwoblèm aprann yo travay sou estanda ki nan menm liy ak kontni edikasyon jeneral yo. Yo bay pwen aksè selon nivo klas yo nan nivo moun nan bezwen li a, pou elèv ka reyisi epi ale pi devan.



Misyon:


Pou bay resous ki fasilite ansèyman ak aprantisaj pwen aksè yo.

Vizyon:

Tout elèv ap viv yon vi ki endepandan ak satisfèzan.

Pwen Aksè yo se estanda reyalizasyon altènatif ki fèt pou vize kontni prensipal nan estanda Florida yo. Yo te kreye yo pou kontribye nan yon sistèm kontni, enstriksyon, ak evalyasyon ki konplètman aliye.

Tout pwen aksè yo gen entansyon pou pèmèt mouvman san pwoblèm pandan elèv yo ap aprann plis konpetans.



ESTANDA FLORIDA

Pwen Aksè nan Syans, Syans Sosyal, La ak Edikasyon Fizik
.....
Endepandan, Sipòte, Patisipatif

Pwen Aksè nan Literati Lang Anglè ak Matematik
.....
Konpreyansyon Esansyèl

Vizyèl sa a montre pwen aksè ak parapli ki reprezante Estanda Florida yo. Gen diferans ant sa pwen aksè yo sanble pandan n ap kore estanda pou preparasyon ou inivèsite ak metye nou yo. Pwen aksè nan syans, syans sosyal, sante, dans, teyat, la ak edikasyon fizik (PE.) yo gen diferan nivo konpleksite epi yo defini kòm endepandan, sipòte ak patisipatif.

Kèlkeswa sijè pwofesè yo ap travay ladan an, elèv yo gen aksè fleksib nan Estanda Florida yo.

Konpreyansyon Esansyèl yo se echafodaj ki divize pwen aksè yo pou ede nan ansèyman ak aprantisaj nan Estanda yo. Yo ede gid pwofesè yo nan ki kote pou kòmanse ansèyman, ki pèmèt tout elèv yo kominike avèk kontni pou nivo klas yo.

Yo bay referans sou yon kontinyòm konpleksite pou asire pwogrè ap fèt nan direksyon pwen aksè yo. Referans sa yo vle di yo ede pwofesè yo konprann ki sa nivo konpleksite sa yo ka sanble pou elèv endividyèl yo; men yo pa yon lis verifikasyon.

Nivo konpleksite ansanm ak konpreyansyon esansyèl ede pwofesè yo divize estanda yo nan diferan nivo pou yo ka anseye yo nan salklas yo. Kèlkeswa sijè pwofesè yo ap travay ladan an, elèv yo gen aksè fleksib nan Estanda Florida yo.



"Lè nou sipoze konpetans yon moun, sa pa mwens pase yon sèman Ipokratik pou edikatè yo," – DOUGLASS BIKLEN

ACCESS
ACCESS Yon Pwojè Diskresyonèl Depatman Edikasyon Florida

Pou jwenn plis enfòmasyon ale sou sitwèb
www.accesstofls.weebly.com